

Lèt pou Paran an oswa Moun ki responsab la,

Distrik lekòl nou an mete a dispozisyon elèv yo yon pwogram lang Angle pou elèv ki bezwen pran leson nan "English as a Second Language" (Pwogram pou Aprann Angle Kòm Dezyèm Lang - ESL). Dapre evalyasyon nou te fè pou nou te ka wè nivo Angle pitit ou, nou vin wè li elijib pou li patisipe nan pwogram ESL la (Pwogram pou Aprann Angle Kòm Dezyèm Lang).

Pwogram ESL la ofri yon seri de klas pou aprann elèv yo tandè, pale, li, epi ekri angle, ki yo menm se yon seri bagay ki nesèsè pou elèv yo ka travay byen ak anpil siksè nan lekòl la.

Ou menm, antanke paran oswa moun ki responsab la, ou gen dwa pou pa aksepte pou yo bay pitit ou sèvis sa yo. Si w pèmèt pitit ou patisipe nan pwogram sa a, pwogram lan ap ede li travay byen ak anpil siksè nan lekòl la. Ou fèt pou byen konprann si w pa deside pou kite pitit ou patisipe nan pwogram sa a, pitit ou kapab pa bay ranman li ta dwe bay nan travay lekòl li.

Si w pa ta renmen pou pitit ou patisipe nan pwogram sa a, tanpri rele

_____apatide_____

Non moun lan ak nimewo telefòn li

Dat la

Mèsi anpil,